

BUKU :

PUSTOKO

BANGUN

NGEMOT

RIWAJAT SOHO SILSILAH

KJAI MUHAMMAD NGALIM BULUS SWANGI R.A.

صَحْوَدُ بْنُ جَعْلَةِ بْنِ عَبْدِ الرَّحْمَنِ
بْنُ شَلْمَةِ بْنِ طَلْبَلِ الدِّينِ
الْبَنْوَانِي

B E B U K O

I Buku alit puniko, isi sesorah ingkang kawaos dening pandje - nengannipun R. Kjai Dananhuri Pangendjurutengah Purworedjo, ing parepatan cholipun Kjai Mochammad Ngirim Bulus suwargi I25 tahun, mapan wonten ing serambi Masjid Bulus dinten kemis paing djam II,30 sijang tanggal 2djumadilakir I387. utawi 7 september i967.

Wonten sakngadjengipun pos darah Kjai Mochammad Ngirim Nga lim, kirang langkung 300 tijang.

2 Saking usulipun sawatawis wargo, buku supados katjetak kan krti sederhana, supados sagek kawaos dening putro wajah i ingkang betahaken .

3 Senadjan sampun katliti kanti ugatos2, nanging poro maos ingkang manggihi kelepatannipun punopo malih urutipun salsilah, mugi kersoho maringi chabar dateng R. Kjai Dananhuri Pangendjurutengah Purworedjo, utawi dateng R. Moh Sirodj djalan pasar I2A Purworedjo.

4 Wusono buku Pustoko Bangun puniko sageko mang langat ka gem pandjenengan sami

Purworedjo 2-6-I387 (7-9-i967)

(R. Ali Ms)

B U K U

- | | |
|----|-------------|
| 1 | Reti Legi |
| 2 | Chakipun |
| 3 | sedjarah |
| 4 | kanti ngi |
| 5 | Muhammad |
| 6 | sedjarah |
| 7 | Sils |
| 8 | dening |
| 9 | dipun wi |
| 10 | Kjai |
| 11 | kababan |
| 12 | J. pur. Rad |
| 13 | J. R. Ng |
| 14 | J. R. Mai |
| 15 | J. R. Da |
| 16 | J. R. Nji |
| 17 | J. R. Nji |
| 18 | J. R. Na |
| 19 | J. Sunan |
| 20 | djuluk |
| 21 | Kandi |
| 22 | Mauli |
| 23 | Sieh |
| 24 | sage |
| 25 | Saji |
| 26 | Saji |
| 27 | Sjeh |

BUKU PUSTOKO BANGUN.

keba Legi 25 Robingulakir 1387 utawi 2 Agustus 1967 .

Chakipun pengarang dipun lindungi dening penjelidikan achli sedjarah ingkang kijat, soho ingkang kenging dipun pitados, kanti ngempalaken riwajat saking poro wajahipun swargi. Kjai Muhammad Ngalim Bulus, awudjud sumber-sumber kawontenan ing sedjarah .

Silsilah soho sedjarah Kjai Muhammad Ngalim, kahimpun dening Kjai Raden Dawanhuri soho poro Panitija cholipun , dipun wiwiti saking riwajat sugengipun .

Kjai Muhammad swargi Bulus,bangsanipun Basaiban(**NGALIM**)

- / kababareken wonten ing Afdeling Ledok (Wonosebo) putrani
- 2 ✓ pun Raden Singosuto Modjotengah Garung Wonosobo :
- 3 ✓ R. Ngalim Marsitodjojo .
- 4 ✓ R. Martogati Wonokromo Garung Wonosobo .
- 5 ✓ R. Dalem Agung Modjotengah Garung Wonosobo .
- 6 ✓ R. Njai Bekel Karangkobar Bandjarnegoro .
- 7 ✓ R. Njai Dilem bandek Wonokromo Garung Wonosobo .
- 8 ✓ R. Naji Segati (Pangéran Bajat) Tegalsari Garung Wonosobo
- 9 ✓ Sunan Dalem Kudus, ladjeng pindah wonten ing Gresik, djed
- 10 ✓ djuluk Kandjeng Sunan Dakem Gadjah Kedaton .
- 11 ✓ Kandjeng Sunan Gresik wali - lanang (raden Paku) .
- 12 ✓ Maulana Ishak .
- 13 ✓ Sjeh Djumadil Kubro Pondok Dukuh Semarang .
- 14 ✓ ~~Sajid Zainul Kubro~~ Sajid Zainul Husen .
- 15 ✓ Sajid Zainul Ngadzim .
- 16 ✓ Sjeh Zainul Ngabidin ; Gusti Chusen ; Sajidatina Fatimah .

Naliko timur tindak ngaos dateng Pekalongan , wonten ing ngarsanipun Ngulami Ageng ngantos sawatawis dangu . Lad djeng tindak dateng Mekkah, ngantos lami sanget , ngantos dados ngulami ageng, soho ngalap tarekat Satarijah .

Sak kunduripun ladjeng lenggah wonten ing kampung Krapjak Kito Pekalongan ingkang sisih ler , anggentosi gurunipun - ngantos kromo ~~✓~~ Ugi kagungan putro ingkang sak puniko turunipun katah ingkang kasebat Basaiban . Kadosto : Sajid Abu Tholib , Thoha soho sanes - sanesipun. Wonten ingkang dados Bupati Magelang asmo Raden Tunenggung Danu Sugondo, raja nijun dados Bupati Purworedjo asmo Raden Tunenggung Chasan-Danuningrat . Ladjeng pindah wonten ing Wonosobo, sebab sa king pomundahipun poro murid saking Wonosobo . Sepisanan langgah wonten ing dusun Tjekelan Ketjamatan Kepil, ndamel pesantren awudjud Masjid soho Pondok ingkang sak priki tak malang ~~Krama ky iman pura~~ sih wudjud soho makmur , dipun bantu dening besanipun asmo Raden Tunenggung Bawad ; prijagung saking Ngajodjokarto asmo Wirodoho . ^{Pension} Ladjeng pindah wonten ing dusun Gunung Tawang Ketjamatan Selomesto Wonosobo , ugi kados ingkang kasebat . Ladjeng pindah mengaler ngantos dumugi tjalakipun Dukuh Ken dal Mangkang petilasanipun Kjai Ageng Gribig saking Klaten Surokarto , naliko damel pertahanan wekdal merangi Welandi dateng Betawi (Djakarta) . Ladjeng mangetan dumugi ing Tjandiroto, nanging mboten katjarios anggenipun damel pesantren . Ladjeng damel pesantren wonten ing dusun Tradji , dumunung sak leripun Parakan Temanggung , tjaketipun dusun Mandensari , hingga sak priki taksih . Ladjeng sakedap leng gah wonten ing dusun Bulu Salaman . Ugi joso pesantren dipun

bantu dening Kjai Muji Bulu . Pesantren wau sahingga sak priki. Ladjeng pindah wonten ing dusun Paguan Ketjamatan Kaliboto Purworedjo, ugi damel pesantren sahingga sak priki. Ladjeng pindah wonten ing dusun Nglegok Baledono Purworedjo, nglenggahi tilas pesantrenipun Kjai Asnawi (H. Tumenggung Djojomenduro, putra-nipun Kjai Sjamsijah Pengulu Landrat djanan Kedjawen , sunare wonten Pangendjurutengah (Kepala Pengadilan Negeri) pondoki-pun sewu ... Ladjeng pindah wonten ing Kalikepuh Bedji . Masdjid kabekto dateng Kalikepuh , dipun gotong kerawon, djalaran sa-kating katahipun murid . Sekawit pindahipun wau dipun dawuhé de ning Bupati Purworedjo sepisan djanan Welandi, asmo Raden Mas T. Tjokroadijojo. Sebab poro Welandi sami mboten saget tilem, kuwa-tos menawi sak mongso - mongso dipun kraman . Mekaten ugi dipun pindah dateng Bulus, supados Kjai Muhammad Ngalim sedo, ka-mongso dening bergasakan wono, utawi dipun pmuso dening lelembat.. Sebab ing ngriku wono wonten bedjinipun isi bulus petak sak ajodo .. Milo kasebat : djalmo noro djalmo mati . Utawi katah se ~~merikan~~, andapan , warak, lan sanes-sanesipun. Newo semanten wi ludjeng, nelaah dados dusun ingkang makmur.. tur pesantren ageng sahingga sak priki . Berkahipun sumebar dados pesantren wonten ing pundi-pundi panggenan ing Purworedjo..

Sak derengipun lenggah wonten ing dusun Nglegok Baledono lenggah wonten ing dusun Patjalan , ugi damel pesantren sahingga sak priki. Saking parundakipun murid ingkang setijo-trahu , inggin puniko mantri Polisi supadés daerahipun saged aman , la-djeng aman ..

Katjarios ! Kjai Muhammad Ngalim pindah-pindah ngantos kaping 28 panggenan , juswanipun 280 tahun . Surut naliko din

ten Djuni'ah Phing tanggal 1 Djumadilakir tahun B, Hidjrah 1262 , sunare ing kilen penginaman Masjid Bulus . Djalaran saking pamundakipun poro murid , scho dipun tjurigai dening Welandi, ac chiripun lenggah wonten ing Bulus .

Bulus menike wau ladjang kabebat dening poro murid ingkang derekaken dumugi Bulus , saking Pekalongan , Semarang, Solctigo, Magelang lan sanes-sanesipun , ngantos ewon , ndamel dusun Bulus ngantos dumugi Tanggungmangu .

Ngibahipun , mutjal ngaos inggih mutjal tarekat Satarijah Tjaranipun , poro mirrid bakdo ingaos ladjang dipun dawuhi njambutdamel, wonten ingkang babat wono ngantos dados dusun. Ladjang dawuh damel grijo perlu dipun nggeni. Wonten ijigkang njambutdamel menopo biasanipun. Murid ingkang saking Pekalongan sami ngebang sindjang , milo djaman semanten ladjang kawentar bilih Bulus panggenan bang-bangan sindjang. Tijang ingkang saking : Bandjarmasin sami njambutdamel mas-masan ; utawi tukang djam.

Kjai Bulus swargi , kerep tirakat sijam mutih , asring mboten dahar-dahar , menawi dahar sedinten sedalu namung se pisan. Agem-agemanipun petak, asring ngagem Gadung , sabuk ipun debog pisang . Menawi masuhi sabunipun patje mateng . Mboten nate dahar ses (rokok) , nanging ngganten . Dede gipun ageng inggil, ngungkuli limrahipun tijang ingkang ageng inggil . Suwantenipun ageng penggalihipun l e g o w o . Sholati pun sunat sedinten sedalu 35 rekangat, menawi sholat Awabin ngantos 20 rekangat . Menawi bade sare sak sampunipun maos wirridan , kerso kintu sjahadat dateng Gusti Ingkang Moho Welas kaping 3 , mbendjang menawi sakarotilmaut , wonten ing qubur , wonten ing oro-oro Mahsjar dipun suwun Kjai Muhammad Ngalim

مکالمہ

sangget anggénipun njuwunaken dateng turun - turunipun soho - dateng poro murid, saged dados tijang sholeh . Ngantos kerso nglampahi topone dem kados rajit dipun pendem, ngantos 40 dinten 40 dalu . Panggenan sirah menginggil dipun sukani bumbung - bolong , soho dipun lebeti bolah, perlu kange margining nafas. Bolah saben - saben sonten dipun dedet, ladjeng mbah Kjai mangsuli , tondo menawi gesang - ka - leksanan gesang (sugeng) . Sak lebetipun topo dipun paring i ngalarat , bendero tigang warni , inggih puniko : petak ; idjo ; lan abrit . Ladjeng wonten swanten : Pilih Kjai ?!

Kjai Muhammad Ngalim milih petak. Ladjeng dipun terangaken dening swanten wau : bilih petak wau perlambangipun ngamal sholeh ; menawi idjo sugih ; dene abrit keprijantunan . Pra milo ngendikanipun dateng putro wajah : turunku ora usah tirakat , sak ugo gelem mantep anggone nglakoni ngadji, ba kal diparingi dadi wong muljo donja tumekane acherat .

Kjai Muhammad Ngalim achli Nahwu , ac hli Fiqh soho ach li Tassir . Menawi dalu kerep ~~ngadji~~ kadjagi dening simo , ngantos 5. Asring ingkang ndjagi warak. Dados dalemipun a - man sak tanemanipun pisan . Pundi panggenan ingkang dipun anggep sangar dening umum , menawi sampun kaambah, dados aman Sinteno kemawon, badejo djubliging piawon , menawi sampun i tepang, inggih ladjeng dados tijang sholeh . Milo katah ingkang sami nderek, bilih Kjai swargi pindah panggenan , djalar an mboten saget pisah .

Asring kemawon sok ngitjal , kerepipun malem Djum'ah . Nanging ing nglebetipun Masjid kepireng wonten swanten gerung dikiran Satarijah djamangah . Milo dipun djagi de ning bregasakan wono .

Satengahing riwajat , swanten dikir wau, sahingga sak priki bilih malem Djum'ah kepireng wonten swanten ing pasarejanipun. Wonten ingkang saget sumerap, inggih puniko poro Chadji 40 bagus-bagus rupinipun. Ingkang sumerep wau sarono nglampahi shol lat sunat ladjeng maos Jasin .

Sak laminipun lenggah ngantos dumugi Bulus tansah nuntun nuntun lampahing Agami Islam ngantos sumebar ing saindenging daerah Purworedjo sahingga sak priki .

Sak ladjengipun wiwit wonten pasantren inggih puniko ing Luning , Patjalan, Tirip , Karon lan sanes - sanesipun . Ingkang nerusaken tarekatipun inggih puniko : Kjai guru Luning : Muchjidinirrofingi, Kjai Muhammad Ngalin Karon . Kjai Maron ugi sampun nate dipun tjepeng dening Welandi, sebab nglampahaken tarekat Satarijah, inggih amargi dipun tjurigai kados Kjai Bulus swargi .

Kjai Bulus swargi kagungan Badal kalih: I.

Ngumar , 2 asmo chadji Thoha, nanging sak surutipun Kjai swargi ladjeng kesah dateng Kelang Singgopuro, mbok nenawi inggih muttjal bab tarekat Satarijah . Makaten ugi katahing poro murid ingkang sami wangsul . Pramilo Bulus wekdal senanten katjarios ladjeng suwung (﴿ج﴾) kirang langkung tigang tahun . Ladjeng wonten pitulunganipun Gusti Ingkang Moho Mirah , Raden Mas Tjokrodjojo Bupati sepiasan Purworedjo , dawuh dateng Ngula mak ingkang lenggah wonten ing kampung Madijokusuman Purworedjo asmo Raden Sjarif Ali, sahingga turunipun sak priki . Siti pasantren kawakafaken dateng ingkang mengkoni supados nerusaken .



BAB PERDJUANGAN .

Kjai Muhammad Ngalim djiwo perdjuangan, naliko djamanipun kan djeng Sultan Agung Metaram kaping 3 merangi Welandi dateng Betawi (Djakarta) , ngangkataken Kjai Ageng Gribig Klaten Surokarto, Kjai Bulus swargi ngaturaken poro nem-nemanipun kadada saken pradjurit, kapimpin dening Kjai Ageng Gribig .

Djaman Pangeran Diponegoro (Kaden Mas Ontowirjo) inggih sani kalijan djaman Sultan Agung, kanti alus , ngantos mboten kenangan dening Welandi . Hewo semanten taksih dipun tjurigai . Pramilo ladjang pindah - pindah anggenipun lengkah . Nekaten meniko kok inggih kaleresan kalijan pamundakipun poro murid., ingkang mbangun turut. Ugi ngaturaken poro nem-nemanipun dateng pertahanan Magelang , Bagelen , kapimpin dening Kaden Tumenggung Djojorustopo sumare Sindurdjan ; lan Kaden Sjamsijah Pengulu Landrat Pangendjurutengah (Ketua Pengadilan Negri) . Lereping prang ! taksih nerusaken perdjuanganipun ; inggih puniko sak sampunipun Negari dipun kwaosi Welandi , bilih Welandi anggehipun nedjahi nengsah ingkang ketjepeng, sarono dipenteng, dipun temporongaken sjurjo, ladjang dipun tjom tirih . Kadous wonten ing Kedung-Lo kilen Tanggung Purworedjo . Ladjang dipun tuntut. Tuntutan wau katampi . Nanging, Walandi ladjang nindakaken hukuman pitjis wonten ing Bong-Tjino . Ladjang katuntut malih, ugi tuntutanipun katampi . Ladjang Welandi nindakaken hukuman gantung . Sedojo tuntutanipun kabantu dening besanipun inggih puniko Kjai R.M. Muchjidinrofingi, Kjai Luming swargi . Manawi bade tindak ngadjengaken tuntutanipun, kapasrahaken dateng Kjai Bulus swargi . Manawi bade tindak ngadjengaken tuntutanipun

tuntutanipun , dahar ganten rumijin, ladjeng busanan petak
asring gadung, ladjeng dipun tandu, sebab saking sepuhipun,
Welandi ingkang nastani pantji dados lid pengadilan .

Sinigek semanten kenawon, mugi-mugi riwajat ingkang ka
sebat, dodoso pepenget soho tuladanipun chusua dateng poro
darahipun, dateng poro katah umumipun. A m i n .

B A B : S A L S I L A H

A K M A D

1. Kjai Muhammad Ngalim putranipun :
2. R. Singosuto Modjotengah Garung Wonosobo .
3. R. Ngalim Marsitodjojo Modjotengah Garung Wonosobo .
4. R. Dalem Martogati Wonokromo Garung Wonosobo .
5. Nj. Dalem Agung Modjotengah Garung Wonosobo .
6. Kjai Dilem bandek Wonokromo Garung Wonosobo .
7. Nj. Bekel Karangkobar Bandjarnegoro .
8. Nj. Segati Tegalsari Garung Wonosobo .
9. Kandjeng Sunan Dalem Kudus . *Loyeng pindah dt spectic*
10. Kandjeng Sunan Giri Gresik . *(R. Paku) Ceguluk Kangeng Suw*
11. Maulana Ishaq Pasik .
12. Sjeh Djumadil Kubro Pondok Dukuh Semarang .
13. Sajid Djainul Kubro .
14. Sajid Djainul Kusen .
15. Sajid Djainul Ngadzin .
16. Sajid Djainul Ngabidin ; Gusti Kusen ; Sajidatina Fatimah.

Poro putro saking garwo Kalibening Wonosobo .

1. a.Nj. Tolabudin Paguan Kaliboto Purworedjo .
- 2.Nj. Chasanadi Munggang Kreteg Wonosobo .
3. Kjai Ngabduldjalal Bulu Salaman Magelang .
4. Kajai Mu'alim Patjalan Loano Purworedjo .

Saking garwo Banjuurip .

5. Kjai Rofingi Sorogenen Purworedjo .
6. Kjai Muhammad Ngalim Maron Loano Purworedjo . SAKING GARU
7. Kjai Muhammad zein Maron Loano Purworedjo . Kedung Dovo
8. Nj. Djainul Ngalim Grges Tembarak Temanggung .

سواری ع منصب بیرونی کردن ﷺ

P O R O · W A J A H

1. Nj. Tolabudin peputro :

1. Kjai Taslim Tirip Gebang Porworedjo .
2. Kjai Achmad Kusen Paguan Kaliboto Purworedjo .

2. Nj. Chasanadi Munggang , katedah njai gentong, dades garwanipun. Kjai Ngali Marchamah Bendosari Sepuran Wonosobo , mboten kepanjang, ladjeng dipun garwani Kjai Chasanadi :

putro :

1. Nj. Murdaqoh Krakal Kreteg Wonosobo .
 2. Nj. Pentjil Kreteg Wonosobo .
 3. - (kaserat ing kotjo ll) .
4. Kjai Mu'alim Patjalan peputro :
1. Imam Djæd Djagir Bruno Purworedjo .
 2. Kajai Ngabdul Murid Grges Tembarak Temanggung .
 3. Nj. Ngabdulloh Fagih Cintungan Gebang Purworedjo .

sunan
edaton

- | | |
|--|------|
| 4. Raden Ng. Djojodirdjo Salankantji Bandongan Magelang . | 6. K |
| 5. Hadji Dachlan Grebes Tembarak Temanggung . | 1. |
| 6. Nj. Muhammad Rustam Patjalan Loano Purworedjo . | 2. |
| 7. Nj. Ngabulmanan Patjalan Loano Purworedjo . | 3. |
| 8. Nj. Tumpuk Terasan Banfongan Magelang . | 4. |
| 5. <u>Kjai Rofingi Sorogenen peputro :</u> | 5. |
| 1. Nj. Sjuhadak Purwodadi Bandjarnegoro . | 6. |
| 2. Kjai Achmad Junus Bulus . | 7. |
| 3. Kjai Batang Pekalongan . | 8. |
| 4. Ramane Kjai Dachlan Sorogenen Purworedjo . | 9. |
| 6. - (kaserat ing kotjo : 11) . | 10. |
| 7. <u>Kjai Djen (Zain) Solotijang peputro :</u> | 11. |
| 1. Nj. Hadji Ngali Pabean Muntilan Magelang . | 12. |
| 2. Nj. Suchemi Pangendjurutengah Purworedjo . | 3. |
| 3. Nj. Ngabdullah Faqih Sutoragan Kemiri Purworedjo . | |
| 4. Nj. Kalisuren Kreteg Wonosobo . | |
| (Ing ngandap puniko terusipun putro Kjai Djen Solotijang) | |
| 5. Nj. Ngabdul Madjid I Grabag Magelang . | 2. |
| 6. Nj. Ngabdul Madjid II Grabag Magelang . | 3. |
| 7. Kjai Daldiri Solotijang (sedo timur) . | 4. |
| 8. Kjai Fadil Solotijang Loano Purworedjo . | 5. |
| 9. Nj. Badar Solotijang Loano Purworedjo . | 6. |
| 10. Nj. Ngabdul Murid Grebes Tembarak Temanggung . | 7. |
| 8. <u>Njai Djainul Ngalin peputro :</u> | 8. |
| 1. Njai. Ngabdul Chalim Grebes Tembarak Temanggung . | 9. |
| 2. Nj. Ngabdullah Faqih Kebumen Wonosobo . | 10. |
| 3. Nj. Ngabdul Murid Grebes Tembarak Temanggung . | |

6. Kjai Muhammad Ngalim Maron peputro :

1. Kjai Belah Kedungwot Kutowinangun Kebumen .
2. Kjai Ngusman Gambasan Tembarak Temanggung .
3. Kjai Ngabdulloh Tjekelan Tembarak Temanggung .
4. Nj. Djuwar Maron .
5. Kjai Achmad Maron (sedo timur) .
6. Kjai Ridwan Maron (sedo timur) .
7. Kjai Sirodj Maron ..
8. Kjai Nawawi Tjatjaban Kaliboto Purworedjo .
9. Nj. Sajuti Tegalarung Parakan Temanggung .
10. Nj. Haimun (Sabilan) Bulus Gebang Purworedjo .
11. Nj. Chotinah (Kjai Bakri) Kalongan Loano Purworedjo .
12. Kjai Ngadnan Parakan Temanggung .

3. (tutgipun halanan / kotjo 9. nomer 3) .

Kjai Ngabdul Djalal Bulu peputro : (saking garwo I) .

1. Kjai Bughowi Ngetos Mintilan Magelang .
2. Kjai Ngimron Krumpakan Kadjaran Magelang .
3. Kjai Ngabdul Djilil Bulu Salaman Magelang .
4. Nj. Chajat Bulu Salaman Magelang .
5. Nj. Ngabdulloh Bulu Salaman Magelang .
6. Kjai Ngabdul Ngalim Bulu Salaman Magelang .
7. Njai Ngabdul Kodir Kedung Lumpang Salaman Magelang .

Saking garwo putro Patih Dipodirdjo Purworedjo :

8. Nj. Ngabdulloh Solotijang Loano Purworedjo .
9. Nj. Sjeh Jusuf Solotijang Loano Purworedjo .
10. Kjai Djakfar Haib Banjuasin Loano Purworedjo .



oooooooooooo ; Buku Pustoko Bangun ini disajikan
oleh para hadirin kira - kira 300 orang
laki-laki dan perenpuan , didalam Cholnja peri-
ngatan wafatnya 125 tahun bertepat diserambi
Masjid Bulus , hari Kamis Pahing djan 11.30
(setengah duabelas) siang , tanggal 2 Djuma-
dilachir 1387 (7 September 1967) .

Pertanda Janitia Choi 7 - 8 - 1967 :

1. Sajid Dachlan :
2. Kjai R. Damanhuri :
3. R. Darmowarsito :
4. Sajid Ngagil :
5. Hadji Sjamhudi :

ttd.

Kjai Raden Damanhuri Pangendjurutengah Purworedjo .

oooooooo ;

- M.A.K.-

P E N G U M U M A N

Bilih pandjengan poro darah tasih betahaken tjetean
ingkang kaping 2 karsoho mendaftar poro putro wajah,
pandjenengan pijambak2 kahaturaken dateng R. Kjai Damam
huri Pangendjuru tengah Purworedjo, utawi dateng R. Ali
sirodj , djalan Pasar I2A Purworedjo.

Kadosto Tjuto ing ngandap puniko

Njai Suchemi Pangendjurutengah Purwordjo , Peputro!

1. Njai Abduloh Fekih Djatiwangsan Kemiri Purworedjo
2. Kjai Damanhuri Pangendjurutengah Purworedjo Peputro
 1. Njai Badarudin Guron Sindurdjan P W r
 2. Njai Moh Mashuri Krobohan Semrang Barat.

Njai Badarudin Peputro,

1. Ummulhasanah Mucharone Buluselatan I/4 Semarang
2. Sulachudin Pangendjurutengah P W R.
3. Sachirudin Guron Sindurdjan P W R .
4. Ashal 15 th s d a
5. Mustanganah 21 tahun s d a
6. Nurul Chasanah 9 tahun s d a
7. Harim 5 tahun s d a.

Jang menurun

(M . Badawi)

di digitalkan oleh
KEBUMEN2013.COM